

**WUJUD, GUNA, LAN KALUNGGUHAN UKARA PRAJANJI SAJRONE  
PASRAWUNGAN ING DHUSUN SUKOREJO, DESA SRIGADING, KEC. NGORO, KAB.  
MOJOKERTO**

**E-JOURNAL**



**Dening:  
DIAZ ROSA DAMAYANTI  
16020114070**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

**2020**

**WUJUD, GUNA, LAN KALUNGGUHAN UKARA PRAJANJI SAJRONE PASRAWUNGAN ING DHUSUN SUKOREJO, DESA SRIGADING, KEC. NGORO, KAB. MOJOKERTO**

**Diaz Rosa Damayanti**

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[Diazdamayanti16020114070@mhs.unesa.ac.id](mailto:Diazdamayanti16020114070@mhs.unesa.ac.id)

**Dr. Surana, S.S., M. Hum.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Panganggone ukara prajanji bisa ditemokake ing saben bebrayan, kayata sameyan. Ukara prajanji migunani minangka wasesa sajrone ukara. Saka bab kasebut bisa diwastani yen gunane wasesa minangka punjer saka liyane. Punjere panliten iki yaiku meruhi wujud, guna, lan kalungguhan basal an ukara prajanji. Ancase panliten iki yaiku: Ngandharake wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji tanpa lesan lan Ngandharake wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji mawa lesan ing basa Jawa.

Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik asipat dheskriptif. Teori kang digunakake yaiku Bab kang diteliti sajrone panliten iki yaiku babagan wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji yaiku morfosintaksis. Wujude ukara prajanji ana kang tanpa lesan lan ana kang mawa lesan. Wujude ukara prajanji bisa awujud tembung kriya, aran, lan tembung liyane. Tembung kriya diperang adhedhasar kriya tanduk tanpa lesan lan mawa lesan. Uga ana kang dumadi saka gatra kriya, gatra aran, lan gatra liyane. Kriya tanduk sajrone ukara yaiku minangka wasesa. Wasesa mujudake guna inti kang dadi punjere ukara. Guna pandhamping kang arupa Katrangan ora kudu ana ing ukara. Kalungguhan kriya tanduk sajrone ukara prajanji umume nuduhake anane kalungguhan akif, nanging uga bisa nduweni kalungguhan pasif. Kalungguhan kang diduweni kriya tanduk kasebut ditemtokake dening kalungguhan kang disandhang dening unsur pandhampinge.

Asil saka panliten iki ditemtokake dadi rong andharan, yaiku (1) Kepriye wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji tanpa lesan basa Jawa sajrone pasrawungan ing Mojokerto? 2) Kepriye wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji mawa lesan basa Jawa sajrone pasrawungan ing Mojokerto?

**Tembung Wigati : Wujud, Guna, Kalungguhan, Prajanji**

**PURWAKA**

**1.1 Landhesan Panliten**

Basa nduweni pangaribawa kang gedhe ing uripe manungsa. Basa kang ana ing masyarakat sansaya akeh, amarga basa dadi salah sijine piranti komunikasi. Panggunane basa minangka piranti komunikasi uga nduweni ancas, supaya wong sing diajak cecaturan bisa mangerteni apa sing dakkarepake. Akeh banget ukara sing wis dikenal ing masyarakat utamane wong jawa, kayata ukara prajanji sing ora bisa uwal saka panguripan sabendinane. Ananging durung akeh pawongan sing mangerteni ukara-ukara kasebut bisa di tliti kanthi teori kang wis ana sadurunge. Ukara prajanji bakal eksis saben wektu. Basa saben dina mesthi kanggo. Saka kuwi basa dadi alat kanggo komunikasi marang manungsa liyane.

Akeh banget pasinaon sing isa dijupuk saka basa. Sajrone ukara prajanji ora mung ana wujude, nanging nduweni kagunan lan kalungguhan. Analisis Sintaksis bisa digunakake amarga mujudake sawijine tata basa kang ngrembug sesambungan antarane tembung sajrone tuturan/ ukara (Verhaar, 2010:161).

Dadi, bisa ditegesi yen sintaksis iku ngrembug sesambungan gramatikal antarane tembung sajrone ukara. Bab iku negesake yen sintaksis minangka perangan saka ilmu basa nyoba ngandharake unsur-unsur sawijine satuwan sarta sesambungan ing antarane unsur-unsur kasebut sajrone sawijine satuwan, bisa sajrone sesambungan *funksional* utawa sesambungan kang *maknawi*.

Ukara prajanji nduweni kagunan minangka wasesa sajrone ukara. Fungsi wasesa nduweni kalungguhan kang

paling gedhe tinimbang fungsi liyane (Sudaryanto, 1991:126). Wasesa mujudake bebaku kang nggandheng jejer ing sakiwane, lan menawa ana, angga lesan, panggenah, apa dene katrangan kang dadi pambanguning ukara mapane ing satengahe (Subagyo, 2009:37). Saka bab kasebut bisa ditegesi gunane wasesa minangka punjer saka liyane. Ing panganggone sajrone ukara, ana ukara prajanji kang mbutuhake lesan lan ana kang ora mbutuhake lesan.

## 1.2 Uderan Panliten

Magepokan klawan panjlentrehan lelandhesan panliten ing ndhuwur punjere panliten iki, yaiku:

- 1) Kepriye wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji tanpa lesan basa Jawa ing pasrawungan ing Mojokerto?
- 2) Kepriye wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji mawa lesan basa Jawa ing pasrawungan ing Mojokerto?

## 1.3 Ancas Panliten

Ancas saka panliten iki, yaiku:

- 1) Ngandharake wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji tanpa lesa ing basa Jawa.
- 2) Ngandharake wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji mawa lesan ing basa Jawa.

## 1.4 Paedah Panliten

### 1.4.1 Paedah Teoretis

Panliten iki dikarepake bisa menehi sumbangsih marang ilmu basa. Uga minangka bukti aspek basa ngenani wujud, guna lan kalungguhan karo aspek bebasan sajrone bebrayan utamane sajrone ukara prajanji.

### 1.4.2 Paedah Praktis

- 1) Sajrone ilmu basa, diajab bisa nambah lan ngrembakake ilmu basa lan kanggo inventarisasi supaya babagan wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji minangka kriya tanduk bisa dienggo nganti tembe mburi.
- 2) Mahasiswa, bisa kanggo nggampangake mahasiswa anggone nyinaoni basa lan bisa kanggo panutan yen ana panliten sabanjure;
- 3) Dhosen lan guru, bisa kanggo bandhingan bahan ajar lan kanggo sumbangsih ing panggulawentah lan pangrembakane materi olah basa.

## 1.5 Wewatesane Panliten

Panliten iki nliiti babagan ukara prajanji sajrone pasrawungan lan nganggo tintingan morfosintaksis kang ngonceki wujud, guna, lan kalungguhan kang digayutake sajrone ukara prajanji.

## 1.6 Panjlentrehe Tembung

- 1) Wujud (*kategori*) sintaktis, yaiku satuwan dhasar saka ukara utawa tembung mbaka tembung.
- 2) Guna (*fungsi*), yaiku tetembungan kanggo nyebut salah sawijine aspek konstituen sajrone ukara.
- 3) Kalungguhan (*peran*) sintaksis, yaiku *pengisi* kang asipat maknawi.
- 4) Ukara prajanji, yaiku ukara kang ngemot jejer ing ukara salah sijine paraga (panindak) kang nindakake sawijine pakaryan.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### 2.1 Panliten Saemper

Bab iki bakal ngandharake panliten kang memper karo panliten iki. Senajan wis akeh kang nliiti ngenani morfosintaksis kaya mangkono, anane panliten sadurunge kasebut bisa kanggo tetandhingan klawan panliten iki. Bab kang beda saka panliten iki lan sadurunge yaiku ing babagan objek kang diteliti.

Dene panliten sadurunge kang saemper yaiku: panliten sepisan yaiku paliten kang dilakokake dening Sugeng Adipitoyo (1985) kanthi irah-irahan *Morfem {dak-}, {ko-}, {di-} dalam Tinjauan Morfosintaksis*. Sajrone panliten iki diandharake anggone nitingi wujud lan proses morfologis saka morfem {dak-}, {ko-}, {di-} saliyane kanthi nitingi ketransitivan verba polimorfemis saka morfem {dak-}, {ko-}, {di-} uga kanthi nitingi kalungguhane kanthi ngutamakake anggone nggoleki kalungguhan minangka agentif sajrone ukara kang winatesan dening wasesa awujud verba polimorfemis kang kadhapak morfem {dak}, {ko-}, {di-}.

Panliten kapindho yaiku dening Suwadi (1986) kanthi irah-irahan *Morfosintaksis Bahasa Jawa*. Sajrone panliten iki ndheskripsikake asil proses morfologis kang awujud anane fungsi sintaksis anyar sajrone basa Jawa. Mula saka kuwi bab sing diteliti yaiku fungsi sintaksis uga panganggone wuwuhan (afiksasi), reduplikasi, lan komposisi.

Panliten katelu yaiku panliten kang dilakoni dening Widya Nur Astoria (2005) kanthi irah-irahan *Ukara Tanduk tanpa Lesan*. Ing panliten iki ndheskripsikake lan jinise ukara tanduk tanpa lesan. Sajrone ukara tanduk tanpa lesan dituduhake anane panganggone tembung kriya tanpa lesan (verba intransitif).

## 2.2 Morfosintaksis

Morfosintaksis minangka cabang linguistik antarane morfologi lan sintaksis, rong bidhang ilmu kuwi ana gegayutane sing kuwat banget ora bisa uwal. Amarga pigunane basa sansaya ngrembaka ndadekake morfosintaksis terus muncul.

## 2.3 Morfologi

Sajrone panliten iki Morfologi miturut Ramlan (1987:21) ngandharake perangan saka ilmu basa kang ngrembug utawa nyinaoni *seluk beluk* tembung sarta daya pangaribawa saka pangowah-owahan wujud tembung tumrap golongan lan tegese tembung, utawa istilah liyane diandharake yen morfologi nyinaoni *seluk beluk* tembung sarta gunane pangowah-owahan wujud tembung kasebut, bisa saka kalungguhane sajrone *fungsi* gramatik utawa *fungsi* semantik.

## 2.4 Sintaksis

Sajrone panliten iki teori kang digunakake yaiku morfosintaksis, minangka asil nyawijine morfologi lan sintaksis. Sintaksis mujudake perangan utawa bageyan saka ilmu basa kang ngrembug *seluk beluk* wacana, ukara, ukara gatra, lan gatra, beda klawan morfologi kang ngrembug *seluk beluk* tembung lan morfem (Ramlan, 1996:21).

Sintaksis mujudake sawijine tata basa kang ngrembug sesambungan antarane tembung sajrone tuturan/ ukara (Verhaar, 2010:161). Dadi, bisa diwastani yen sintaksis iku ngrembug sesambungan gramatikal antarane tembung sajrone ukara. Bab iku negesake yen sintaksis minangka perangan saka ilmu basa nyoba ngandharake unsur-unsur sawijine satuwan sarta sesambungan ing antarane unsur-unsur kasebut sajrone sawijine satuwan, bisa sajrone sesambungan *fungsional* utawa sesambungan kang *maknawi*.

### 2.4.1 Ukara

Ukara yaiku mujudake sawijine tuturan kang medarake gagasan kalairake sarana basa lan tetembungan. Uga bisa ditegesi kumpulane tetembungan kang nduweni gagasan, karep lan pangrasa ati. Ramlan (1996:31) ngandharake yen ukara adhedhasar pigunan sajrone sesambungane klawan kahanan kaperang dadi telu, ing antarane yaiku ukara carita, ukara pitakon, lan ukara pakon.

Ukara carita nduweni pigunan kanggo menehi weruh sawijine bab marang pawongan liya saengga tanggapan kang dikarepake arupa kawigaten saka pawongan kasebut. Ukara pitakon nduweni pigunan kanggo nakonake samubarang bab kanthi nggunakake tembung takon apa, sapa, kena ngapa, kepriye, endi, pira, lan kapan. Ukara

pakon ngarepake anane tanggapan kang arupa tumindak saka pawongan kang diajak guneman.

### 2.4.2 Ukara Gatra (Klausa)

Ukara gatra mujudake satuwan gramatik kang kadhapuk saka jejer, lan wasesa, kang bisa dijangkepi kanthi anane lesan, panggenah, lan katrangan utawa ora (Ramlan, 1996:89). Pamerange ukara gatra adhedhasar telung bab, yaiku:

- 1) Ukara gatra adhedhasar unsur pamangune, kapilah dadi loro yaiku (a) ukara gatra jangkep, yaiku ukara kang pamangune saka jejer lan wasesa, lan (b) ukara gatra ora jangkep, yaiku ukara tanpa jejer;
- 2) Ukara gatra adhedhasar ana lan orane tembung *negatif* kang kanthi gramatike menehi makna *negatif* tumrap wasesa, kapilah dadi loro yaiku (a) ukara gatra *positif*, yaiku ukara kang ora nduweni tembung *negatif* kang bisa menehi makna *negatif* tumrap wasesa, tembung-tembung *negatif* kasebut ing antarane yaiku *ora*, *dudu*, *durung*, *aja*, lan (b) ukara gatra *negatif*, yaiku ukara kang nduweni tembung-tembung *negatif* kang bisa menehi makna *negatif* tumrap wasesa; lan
- 3) Ukara gatra adhedhasar *kategori* tembung utawa gatra kang nduweni kalungguhan minangka wasesa, kaperang dadi papat, yaiku (a) ukara gatra aran, yaiku ukara gatra kang wasesane kadhapuk saka tembung utawa gatra aran, (b) ukara gatra kriya, yaiku ukara gatra kang wasesane kadhapuk saka tembung utawa gatra kriya, (c) ukara gatra wilangan, yaiku ukara gatra kang wasesane kadhapuk saka tembung utawa gatra wilangan, lan (d) ukara gatra ancer-ancer, yaiku ukara gatra kang wasesane kadhapuk saka gatra ancer-ancer, gatra kasebut diwiwiti dening tembung ancer-ancer minangka panandha.

## 2.5 Bab kang ana Gegayutane karo Ukara Prajanji

### 2.5.1 Ukara Prajanji

Ukara prajanji yaiku ukara isine prajanji marang wong kang diajak guneman (wong kapindho). Ukara prajanji iki bisa kadhapuk kanthi muwuhake ater-ater anuswara. Biasane digunakake kanggo nyemayani wong liya.

Sasangka ngandharake yen ukara prajanji bisa dibedakake dadi loro, ukara prajanji mawa lesan lan ukara prajanji tanpa lesan. Ukara prajanji mawa lesan yaiku ukara prajanji kang tansah mbutuhake utawa ngarep-arep anane katrangan liya kang awujud lesan. Dene, ukara prajanji tanpa lesan yaiku ukara prajanji kang ora mbutuhake utawa ora ngarep-arep anane lesan (Sasangka, 2011:112-113).

Adhedhasar *kadar ketransitivane*, ukara prajanji dipérang dadi papat yaiku (1) ukara prajanji intransitif



utawa *taktransitif*, (2) ukara prajanji semitransitif, (3) ukara prajanji ekatransitif, lan (4) ukara prajanji dwitransitif utawa bitransitif. *Ketransitivan* kasebut minangka *faktor* kang nemtokake jinis lan cacahing *konstituen* pandhamping ukara prajanji kang nduweni kalungguhan minangka wasesa. ukara prajanji intransitif mujudake tembung tanduk kanthi siji pandhamping, yaiku jejer. Ukara prajanji semitransitif minangka ukara prajanji kanthi rong pandhamping, yaiku jejer lan geganep. Ukara prajanji ekatransitif mujudake ukara prajanji kanthi rong pandhamping, yaiku jejer lan lesan. ukara prajanji dwitransitif utawa bitransitif mujudake ukara prajanji kanthi telung pandhamping, yaiku jejer, lesan, lan geganep. Pamerange ukara prajanji adhedhasar *kadar ketransitivan* nduweni gayutan kang kuwat klawan struktur sintaksis.

### **2.5.2 Wujud (kategori) Sintaksis**

Wujud (*kategori*) sintaktis diarani arane tembung kayata aran, kriya, kahanan, katrangan, ancer-ancer, lan sapiturute. Umume mujudake ukara nalika dirangke tembung mbaka tembung. Kaya sing wis dijentrehake ing lelandhesan panliten ing ndhuwur.

### **2.5.2 Guna (fungsi) Sintaksis**

Guna (*fungsi*) sintaktis dening Wedhawati kang ngandharake yen guna sintaktis kaperang saka jejer (J), wasesa (W), lesan (L), geganep (G), lan katrangan (K) (Wedhawati, 2006:49). Ing basa Jawa, ana lima guna sintaktis, yaiku jejer, wasesa, lesan, geganep, lan katrangan. Ing sawijine ukara basa Jawa, limang guna sintaktis kasebut ora kudu ana. Sawijine ukara paling ora kadhapuk saka jejer lan wasesa. Anane konstituen liyane ditemtokake konstituen kang ngisi guna wasesa. Guna wasesa nduweni kalungguhan kang luwih gedhe tinimbang guna liyane, mula saka kuwi wasesa dianggep minangka punjer. Guna konstituen liyane yaiku minangka konstituen pandhampinge.

- 1) Guna wasesa minangka punjere konstituen mula kudu ana ing sawijine ukara. Miturut Subagyo, wasesa yaiku sakabehing tembung utawa gatra kang ngandharake jejer ing bab pakaryan, solah, obah, tandhang, kahanan, sipat, utawa wewujudane, lsp (Subagyo, 2009:37). Wasesa mujudake bebaku kang nggandheng jejer ing sakiwane, lan menawa ana, angga lesan, geganep, apa dene katrangan kang dadi pambangunan ukara lan mapane ana ing satengene. Jinising wasesa lumrahe awujud gatra kriya utawa gatra kahanan, nanging uga bisa awujud gatra aran.
- 2) Guna jejer minangka guna inti sawijine ukara kang kalebu pandhampinge wasesa. Miturut Subagyo, jejer iku praboting ukara, kang diandharake, kang

digunem, kang dicritakake kepriye kahanane, lan mobah mosike. Jejer mujudake kalungguhan ing titi ukara kang dadi bebaku kapindho sawise wasesa (Subagyo, 2009:40). Lumrahe, jejer iku arupa tembung aran, gatra aran, utawa ukara gatra.

- 3) Guna lesan uga dadi sawijine pandhampinge wasesa kang mapane ana ing sisih tengene wasesa. Subagyo ngandharake yen tegese lesan yaikusamubarang kang diles dening panindake jejer, saengga lesan iku kudu kedadeyan saka samubarang kang bisa madeg dhewe, yaiku tembung aran utawa tembung sesuluh (Subagyo, 2009:43).

- 4) Guna jejer, wasesa, lesan, lan geganep minangka guna inti sajrone pandhapinge ukara. Saliyane kapapat guna kasebut, ana guna kang dudu inti sajrone ukara yaiku guna katrangan. Subagyo ngandharake yen katrangan mujudake kalungguhan ing titi ukara kang paling maneka werna lan mapane ora tetep, kadhangkala katrangan bisa mapan ana ing mburi, ing ngarep, malah bisa uga ing satengahe ukara (Subagyo, 2009:48). Umume, katrangan ukara iku asipat manasuka, ora kudu ana, utawa diarani prabot ukara baku. Angganing katrangan lumrahe awujud gatra aran, gatra ancer-ancer, utawa gatra katrangan.

### **2.5.3 Kalungguhan (peran) Sintaksis**

Pungkasan kang dadi bab pamangune panliten iki, Kalungguhan (*peran*) sintaksis yaiku wujud saka konsep-konsep semantic lan sintaksis kang digayutake klawan makna sajrone struktur sintaksis utawa anane sesambungan antarane wasesan lan konstituen.

## **2.6 Landhasan Teori**

Bab kang diteliti sajrone panliten iki yaiku babagan wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji. Teori kang digunakake kanggo nitingi wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanji yaiku nggunakake teorine Sudaryanto (1991), Wedhawati (2006), lan Verhaar (2010). Wujud (*kategori*) sintaktis mujudake wujud konstituen ukara lamba utawa satuwan dhasare ukara (tembung) (Sudaryanto, 1991:70).

Bab kasebut disengkuyung dening pamawase Wedhawati kang ngandharake yen wujud utawa kelas tembung ing tata basa tradhisional lumrah sinebut jinise tembung (Wedhawati, 2006:46). Verhaar uga ngandharake yen wujud utawa kategori sintaksis diarani arane tembung, kayata aran, kriya, kahanan, katrangan, ancer-ancer, lan sapiturute, lumrahe ditemtokake tembung mbaka tembung (Verhaar, 2010:170). Guna (*fungsi*) sintaktis mujudake tetembungan kanggo nyebut salah sawijine aspek

konstituen sajrone ukara, kayata jejer, wasesa, lesan, panggenah, lan katrangan (Sudaryanto, 1991:126).

Pamawas kasebut disengkuyung dening Wedhawati kang uga ngandharake yen guna sintaktis kaperang saka jejer (J), wasesa (W), lesan (L), geganep (G), lan katrangan (K) (Wedhawati, 2006:49). Verhaar uga nduweni pamawas yen guna utawa fungsi sintaksis mujudake konstituen kang formal, ora kaiket unsur semantik tartamtu (nanging salah sijine minangka argumen ing tembung kriya), uga ora kaiket unsur kategorial tartamtu (nanging arwujud tembung aran, nduweni markah kanthi tembung ancer-ancer, utawa tanpa pemarkahan) (Verhaar, 2010:165). Kalungguhan (peran) sintaksis mujudake bab kang ngisi guna utawa bisa diarani pengisi kang asipat semantis utawa kang maknawi (Sudaryanto, 1991:67). Miturut Wedhawati, kalungguhan sintaktis mujudake konsep semantiksintaktis kang gegayutan klawan makna sajrone struktur sintaktis utawa sesambungan antarane wasesa lan konstituen minangka sawijine proposisi (Wedhawati, 2006:50). Verhaar menahi pamawas yen kalungguhan utawa peran sintaksis mujudake teges saka sawijine argumen ing tembung kriya (Verhaar, 2010:167).

## **METODHE PANLITEN**

### **3.1 Ancangan Panliten**

Sadurunge nлити kudu nduweni rancangan panliten. Mula saka iku luwih dhisik kudu ngliwati tahap pangumpulan dhata, analisis dhata, lan pungkasane ndudut sawijining simpulan. Panliten iki kagolong panliten liguistik asipat deskriptif minangka panliten kang nuduhake anane *fakta-fakta* ing lapangan kang ana gegayutan karo panliten iki. Tujuwan saka panliten deskriptif iki gambarake kadadayan sing satemene nalika nлити. Nduweni sifat ngandharaken punjere saking panliten iki.

### **3.2 Umbarampen Panliten**

Ing subab iki bakal diandharake babagan umbarampen panliten sajrone wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanti sajrone pasrawungan ing dhusun Sukorejo, desa Srigading, kec. Ngoro, kab. Mojokerto.

#### **3.2.1 Sumber Dhata**

Sumber dhata yaiku samubarang kang ngasilake dhata utawa ngripta dhata kasebut, Sumber dhata bisa awujud subjek saka ngendi kanggo nemokake dhata kasebut (Arikunto, 2010:172). Sumber dhata ing panliten iki dijupuk saka pacaturan sabendina utawa bebrayan ing dhusun Sukorejo, desa Srigading, kec. Ngoro, kab. Mojokerto.

#### **3.2.2 Dhata**

Dhata kang dienggo sajrone panliten iki yaiku awujud ukara prajanti kang kalebu intransitif, semitransitif, ekatransitif, lan dwitransitif. Dhata iki bisa uga digunakake sajrone pecaturan sabendina dening mitra tutur minangka pawongan mliginipun warga dhusun Sukorejo, desa Srigading, kec. Ngoro, kab. Mojokerto.

### **3.3 Instrumen Panliten**

Sajrone panliten iki nggunakake instrumen panjlentrehan dhata. Instrumen dipilih adhedhasar sipat utawa jinis lan akehe dhata kang digunakake kanggo njlentrehaken undere panliten. Dhata kasebut nggunakake metode nyimak lan nyatet. Ing panliten iki, panliti minangka instrumen utama dene instrumen panyengkuyung kang dienggo yaiku pedhoman cathetan utawa *chek-list*, lan alat tulis.

### **3.4 Tatacara Ngumpulake Dhata**

Method kang dienggo ngumpulake dhata iki wigati banget. Metode dokumentasi digunakake kanthi teknik *pencatat data*. Metodhe kang dienggo yaiku nyimak tuturan saka mitra tutur. Sawise nyimak bakal ana teknik *pencatat dhata*. Saliyane nggunakake metode dokumentasi, sajrone panliten iki uga digunakake metode semak. Ing panliten iki metode nyemak digunakake kanggo nyemak panganggone basa kanthi tinulis, yaiku arupa basa tulis utawa ukara kang nggunakake ukara prajanti sajrone pacaturan bebrayan ing dhusun Sukorejo, desa Srigading, kec. Ngoro, kab. Mojokerto. Dene cara-cara ngumpulake dhata kasebut yaiku:

- 1) Nyemak pacaturan para warga utawa bebrayan.
- 2) Nyatet dhata sing ana sesambungane karo dhata kang dлити.

### **3.5 Tatacara Njlentrehake Dhata**

Tata cara ngolah dhata ing panliten iki diperang-perang dadi papat, yaiku *transkripsi* dhata, *verifikasi* dhata, *kalisikasi* dhata, lan *penafsiran* dhata. Sabanjure bakal diandharake siji mbaka siji kaya ing ngisor iki.

#### **(1) Tahap Transkripsi Dhata**

Tahap *transkripsi* dhata iki gegayutan karo nulis sakabehe dhata kang wis dikumpulake. Dhata-dhata kang diolehi kanthi metode semak lan dokumentasi ing kene ditulis apa anane. Dhata kasebut ditulis ing dluwang. Tujuwan *transkripsi* dhata iki kanggo meruhi sepira akehe dhata kang wis diklumpukake lan kepriye wujud dhata kasebut.

#### **(2) Tahap Verifikasi Dhata**

Dhata-dhata kang wis *ditranskrip* sajrone panliten iki banjur dipilih kanthi tliti lan digathukake karo

unsur-unsur kang dadi punjere panliten. Dhata-dhata kang mujudake kriya tanduk diteliti maneh supaya luwih pener lan bener, sarta laras klawan apa kang dadi underane panliten.

(3) Tahap *Klasifikasi* Dhata

Sawise nglaksanakake tahap *transkripsi* lan *verifikasi* dhata, sabanjure dibacutake tahap *klasifikasi* dhata. Dhata arupa ukara kang nggunakake kriya tanduk kang wis dipilih sajrone tahap *verifikasi* dhata sabanjure *diklasifikasi* utawa digolongake miturut kadhar ketransitivane, yaiku intransitif, semitransitif, ekatransitif, lan dwitransitif. Saka bab iki bisa diklompokake dhata kang nggunakake kriya tanduk tanpa lesan lan dhata kang nggunakake kriya tanduk mawa lesan. Sabanjure saben kategori kasebut diklompokake maneh adhedhasar jinise kriya tanduk, yaiku tanduk kriya wantah, tanduk ikriya, lan tanduk kekriya.

(4) Tahap *Penafsiran* Dhata

*Penafsiran* dhata iku minangka tahap pungkasan sajrone ngolah dhata. Tahap iki uga bisa ditegesi minangka asil pungkasan sajrone proses panliten. *Penafsiran* dhata tumrap kriya tanduk iki nuduhake wujud, guna, lan kalungguhane. Sajrone nafsirake dhata ing panliten iki digunakake teknik *Bagi Unsur Langsung* (BUL). Cara kang digunakake nalika wiwitane analisis sajrone teknik BUL yaiku satuwan kabasan dhata panliten diperang dadi pirang-pirang perangan utawa unsur, lan unsur-unsur kang gegayutan minangka perangan kang mangun satuwan kabasan kang dimaksud (Sudaryanto, 1993:31).

**3.6 Tatacara Nyuguhake Asile Panliten**

Tata cara nyuguhake asile panliten iki nuduhake upaya panliti nyuguhake asile analisis dhata. Metode kanggo nulis asile panliten kanthi cara informal yaiku nyuguhake asil panliten kanthi tembung-tembung kang lumrah; dene cara formal yaiku nyuguhake asile panliten kanthi tandha lan pralambang, tuladhane tandha panah (→), tandha kurung biyasa (()), tandha kurung kurawal ({}); dene tuladhane pralambang ing antarane bisa arupa pralambang aksara minangka akronim (J, W, L, K) (Sudaryanto, 1993:145).

**ANDHARAN**

**4.1 Ukara Prajanji**

Ana pirang-pirang ukara kang sumebar ini pasrawungan ing tlatah Mojokerto. Ing antarane yaiku:

- (1) Yen ibumu setuju sesuk plesir menyang Tawangmangu

Wujud TK TA TK Tac TK Tac TA

Guna Yen ibumu setuju sesuk plesir menyang Tawangmangu

J K W L

*Ibumu* mujudake Jejer, *sesuk* mujudake karangan, *plesir* mujudake wasesa lan *Tawangmangu* mujudake lesan.

Kalungguhan :

*Yen ibumu setuju* nduweni kalungguhan Panindak. *Sesuk* kena diarani nduweni kalungguhan Katrangan Wektu, *Plesir* nduweni Kalungguhan Tindakan. *ibumu* nduweni kalungguhan Pinurih. *menyang Tawangmangu* nduweni Kalungguhan Katrangan Panggonan.

- (2) Yen oleh bonus, bakal tak sumbangake menyang organisasi brige.

Wujud TK GA TK Tac TA

Guna Yen oleh bonus, bakal taksumbangake menyang organisasi brige.

K W L

*Yen, bakal tak sumbangake* mujudake karangan, *sumbangake* mujudake wasesa lan *Organisasi brige* mujudake lesan.

Kalungguhan :

*Yen oleh bonus* nduweni kalungguhan Panindak. *Sesuk* kena diarani nduweni kalungguhan Katrangan Wektu, *bakal taksumbangake* nduweni Kalungguhan Tindakan. menyang organisasi brige nduweni Kalungguhan Katrangan Panggonan.

- (3) Aku melu senam yen sename didawakne.

Wujud TS TK TA TK TA Tac

Guna Aku melu senam yen sename didawakne.

J W K

*Aku* mujude tembung sesuluh, *melu, yen* mujudake tembung katrangan, *senam* mujudake tembung aran, *didawakne* mujudake tembung ancer-ancer

*Aku* kedhapuk guna jejer, *melu* kedhapuk guna wasesa, *senam* kedapuk lesan, *yen sename didawakne* kedhapuk katrangan.



Kalungguhan :

*Aku melu senam nduweni kalungguhan Panindak. yen sename kena diarani nduweni kalungguhan Katrangan Wektu, didawakne nduweni Kalungguhan Tindakan.*

(4) Manggko tak terne donor darah menyang PMI.

Wujud Tac TK TA Tac TA

Guna Manggko tak terne donor darah menyang PMI.

K W L

*Manggko kedhapuk dadi ketrangan, tak terne donor darah kedhapuk dadi wasesa, menyang PMI kedhapuk lesan.*

Kalungguhan :

*Manggko mujudake tembung ancer-ancer, tak terne mujudake tembung katrangan, donor darah, PMI mujudake tembung aran, menyang mujudake tembung ancer-ancer.*

(5) Engko wae dak critani, ayo donor darah diseK.

Wujud TAc TK TA Tac

Guna Engko wae dak critani, ayo donor darah diseK.

K W L

*Engko wae kedhapuk dadi katrangan, dakcritani kedhapuk dadi wasesa, diseK kedhapuk lesan.*

Kalungguhan :

*Engko wae mujudake tembung ancer-ancer, dak citani mujudake tembung katrangan, donor darah mujudake tembung aran, diseK mujudake tembung ancer-ancer.*

(6) Mengko yen awakmu mampir kos ku bakal tak wenehi pelem.

Wujud TAc TK TS TK TA TK TK TA

Guna Mengko yen awakmu mampir kos ku bakal tak wenehi pelem.

K J W L

*Mengko yen kadhapuk dadi ketrangan, awakmu kadhapuk dadi jejer, mampir kos ku bakal tak wenehi kadhapuk dadi wasesa pelem kadhapuk dadi lesan.*

Kalungguhan :

*Mengko mujudake tembung ancer-ancer, yen, mampir, bakal, tak wenehi mujudake tembung katrangan, awakmu mujudake tembung sesulih, pelem mujudake tembung aran.*

Kabeh ukara ing dhuwur bisa kajlentrehake dadi rong perangan.

#### 4.1 Ukara Prajanji tanpa Lesan

(7) Mrenea dhisik, mengko tak wenehi martabak.

Wujud GK TAc TK TA

Guna Mrenea diseK, mengko takwenehi martabak.

K W G

*Mengko yen kadhapuk dadi ketrangan, awkmu kadhapuk dadi jejer, mampir kos ku bakal tak wenehi kadhapuk dadi wasesa pelem kadhapuk dadi lesan.*

*Mrenea dhisik nduweni kalungguhan Panjaluk. Mengko takwenehi nduweni kalungguhan tindakan. Martabak nduweni kalungguhan Panandhang.*

Kalungguhan :

*Mrenea, mujudake tembung pakon takwenehi mujudake tembung kriya, Mengko mujudake tembung ancer-ancer, awakmu mujudake tembung sesulih, martabak mujudake tembung aran.*

(8) Mulia diseK, ayo tuku bareng-bareng mengko.

Wujud TK TK TK Tac

Guna Mulia diseK, ayo tuku bareng-bareng mengko.

K W KAT

*Mengko diseK kadhapuk dadi ketrangan, ayo tuku bareng-bareng kadhapuk dadi wasesa mengko kadhapuk dadi lesan.*

Kalungguhan :

*Mulia diseK, ayo tuku bareng-bareng, kalebu tembung katrangan, mengko kalebu tembung ancer-ancer.*



(9) Mbak nyilih duwitmu 200 ewu. Tak balikne wulan ngarep pas bidikmisi cair.

Wujud TA TK TA TK K K

Guna Mboknyilih duwitmu 200 ewu. Tak balikne wulan ngareppas bidikmisi cair.

J W K

Analisis wujud ing dhata yaiku *Mbak, duwetmu* mujudake tembung aran, *nyilih, tak balikne* mujudake tembung kriya, *wulan ngarep* mujudake katrangan wektu, *pas bidikmisi cair* mujudake katrangan ing ukara.

Analisis guna ing dhata yaiku *Mbak, duwetmu 200 ewu* kedhapuk jejer ing ukara, *nyilih, takbalikne* kedhapuk wawesa ing ukara, *wulan ngarep* kedhapuk katrangan waktu, lan *pas bidikmisi cair* kedhapuk katrangan ing ukara.

Kalungguhan :

*Mbak, dhuwit* minangka panindak utawi pelaku ing ukara. *Nyilih duwet* minangka katrangan saking panindak.

(10) "Mbak janji bakal nyayang adhik."

Wujud TA T.kahanan TA

Guna "Mbak janji bakal nyayang Adhik."

J K G

Analisis wujud ing dhata yaiku *Mbak, Adhik* mujudake tembung aran ing ukara, lan *janji bakal nyayang* mujudake tembung kahanan utawa kata sifat.

Analisis guna ing dhata yaiku *Mbak, Adhik* kedhapuk jejer ing ukara, *janji bakal nyayang* kedhapuk katrangan sifat ing ukara.

Kalungguhan :

*Mbak, Adhik* minangka panindak/pelaku ing ukara. *Janji bakal nyayang* minangka katrangan saking panindak kasebut.

#### 4.2 Ukara Prajanji mawa Lesan

Ukara prajanji mawa lesan struktur J-W ing antarane kaya kang kapacak ing ngisor iki.

(11) "Yen sampeyan antuk rangking ing sekolah, bakal takjak dolan"

Wujud TA T.Kr T. Kahanan TK K

Guna "Yen sampeyan antuk rangking ing sekolah, bakal takjak dolan"

J W L K W

Analisis wujud ing dhata yaiku *yen sampeyan* mujudake tembung aran. *Antuk* mujudake tembung kriya. *Ing sekolah* mujudake tembung kahanan. *Kendel* mujudake tembung kahanan. *Bakal takjak dolan* mujudake tembung katrangan panggonan.

Analisis guna ing dhata yaiku kedhapuk saka papat konstituen kanthi struktur ukara J, W, L. K. *Yen sampeyan* kadhapuk dadi jejer ukara, *antuk* kedhapuk dadi wasesam, *rangking* kedhapuk dadi lesan, *sekolah* kedhapuk katrangan, *bakal tak jak* kedhapuk wasesane ukara,

Kalungguhan :

*Awakmu* minangka panindak utawi pelaku, *takjak dolan* minangka katrangan saking panindak.

(12) "Ibu kandha yen aku sregep ngaji, bakal dijak lunga adoh"

Wujud TA TK TK K

Guna "Ibu kandha yen aku sregep ngaji, bakal dijak lunga adoh"

Analisis wujud ing dhata yaiku *yen awakmu* mujudake tembung aran. *Sekolah* mujudake tembung katrangan panggonan. *Kendel* mujudake tembung kahanan. *Ning alon-alon* mujudake tembung katrangan panggonan.

Analisis guna ing dhata yaiku kedhapuk saka papat konstituen kanthi struktur ukara J, K, W. K. *Yen awakmu* kadhapuk dadi jejer ukara, *sekolah* kedhapuk katrangan, *bakal tak jak* kedhapuk wasesane ukara, lan *ning alon-alon* kedhapuk katrangan panggonan.

Kalungguhan :

*Awakmu* minangka panindak utawi pelaku, *sekolah kendel* minangka katrangan saking panindak.

(13) "Aku janji yen adhiku wis umur 9 taun, bakal taktukokna dolanan"

Wujud TA TK TK K

J K W K

Guna “Aku janji yen adhiku wis umur 9 taun, bakal taktukokna dolanan”

J K W K

Analisis wujud ing dhata yaiku *yen awakmu* mujudake tembung aran. *Sekolah* mujudake tembung katrangan panggonan. *Kendel* mujudake tembung kahanan. *Ning alon-alon* mujudake tembung katrangan panggonan.

*Yen awakmu* kadhapuk dadi jejer ukara, *sekolah* kadhapuk katrangan, *bakal tak jak* kadhapuk wasesane ukara, lan *ning alon-alon* kadhapuk katrangan panggonan.

Kalungguhan :

*Awakmu* minangka panindak utawi pelaku, *sekolah kendel* minangka katrangan saking panindak.

(14) “Pak Lik matur yen aku nek wis rabi bakal diwenehi gogolan”

Wujud TA TK TK K

Guna “Pak Lik matur yen aku nek wis rabi bakal diwenehi gogolan”

J K W K

Analisis wujud ing dhata yaiku *yen awakmu* mujudake tembung aran. *Sekolah* mujudake tembung katrangan panggonan. *Kendel* mujudake tembung kahanan. *Ning alon-alon* mujudake tembung katrangan panggonan.

Analisis guna ing dhata yaiku kadhapuk saka papat konstituen kanthi struktur ukara *Yen awakmu* kadhapuk dadi jejer ukara, *sekolah* kadhapuk katrangan, *bakal tak jak* kadhapuk wasesane ukara, lan *ning alon-alon* kadhapuk katrangan panggonan.

Kalungguhan :

*Awakmu* minangka panindak utawi pelaku, *sekolah kendel* minangka katrangan saking panindak.

(15) “Ibu kandha,yen adhiku lulus aku bakal diwenehi pepeling”

Wujud TA K TK K

Guna “Ibu kandha,yen adhiku lulus aku bakal diwenehi pepeling”

Analisis wujud ing dhata yaiku *yen awakmu* mujudake tembung aran. *Sekolah* mujudake tembung katrangan panggonan. *Kendel* mujudake tembung kahanan. *Ning alon-alon* mujudake tembung katrangan panggonan.

*Yen awakmu* kadhapuk dadi jejer ukara, *sekolah* kadhapuk katrangan, *bakal tak jak* kadhapuk wasesane ukara, lan *ning alon-alon* kadhapuk katrangan panggonan.

Kalungguhan :

*Awakmu* minangka panindak utawi pelaku, *sekolah kendel* minangka katrangan saking panindak.

(16) “Adhiku janji yen ora bakal misuh maneh”

Wujud TA K TK K

Guna “Adhiku janji yen ora bakal misuh maneh”

J K W K

Analisis wujud ing dhata yaiku *yen awakmu* mujudake tembung aran. *Sekolah* mujudake tembung katrangan panggonan. *Kendel* mujudake tembung kahanan. *Ning alon-alon* mujudake tembung katrangan panggonan.

Analisis guna ing dhata yaiku kadhapuk saka papat konstituen kanthi struktur ukara J, K, W, K. *Yen awakmu* kadhapuk dadi jejer ukara, *sekolah* kadhapuk katrangan, *bakal tak jak* kadhapuk wasesane ukara, lan *ning alon-alon* kadhapuk katrangan panggonan.

Kalungguhan :

*Awakmu* minangka panindak utawi pelaku, *sekolah kendel* minangka katrangan saking panindak.

(17) “Yen aku budhal sekolah nang Malang, bakal diwenehi sangu Bapak”

Wujud TA K TK K

Guna “Yen aku budhal sekolah nang Malang, bakal diwenehi sangu Bapak”

J K W K.

Analisis wujud ing dhata yaiku *yen awakmu* mujudake tembung aran. *Sekolah* mujudake tembung katrangan panggonan. *Kendel* mujudake tembung

kahanan. *Ning alon-alon* mujudake tembung katrangan panggonan.

Analisis guna ing dhata yaiku kedhapuk saka papat konstituen kanthi struktur ukara J, K, W. K. *Yen awakmu* kadhapuk dadi jejer ukara, *sekolah* kedhapuk katrangan, *bakal tak jak* kedhapuk wasesane ukara, lan *ning alon-alon* kedhapuk katrangan panggonan.

Kalungguhan :

*Awakmu* minangka panindak utawi pelaku, *sekolah kendel* minangka katrangan saking panindak.

(18) “*Adhiku utang dhuwit nang bakul dolanan, sok takbalikake*”

Wujud	TA	TK	TK	K
Guna	<u>“<i>Adhiku utang dhuwit nang bakul dolanan, sok takbalikake</i>”</u>			
	J	K	W	K

Analisis wujud ing dhata yaiku *yen awakmu* mujudake tembung aran. *sekolah* mujudake tembung katrangan panggonan. *Kendel* mujudake tembung kahanan. *Ning alon-alon* mujudake tembung katrangan panggonan.

Analisis guna ing dhata yaiku kedhapuk saka papat konstituen kanthi struktur ukara J, K, W. K. *Yen awakmu* kadhapuk dadi jejer ukara, *sekolah* kedhapuk katrangan, *bakal tak jak* kedhapuk wasesane ukara, lan *ning alon-alon* kedhapuk katrangan panggonan.

Kalungguhan :

*Awakmu* minangka panindak utawi pelaku, *sekolah kendel* minangka katrangan saking panindak.

(19) “*Bapak biyen tau matur yen durung isa nukokake adhik sepedha, sok yen aku wis mergawe taktukokake*”

Wujud	TA	TK	TK	K
Guna	<u>“<i>Bapak biyen tau matur yen durung isa nukokake adhik sepedha, sok yen aku wis mergawe taktukokake</i>”</u>			
	J	K	W	K

Analisis wujud ing dhata yaiku *yen awakmu* mujudake tembung aran. *sekolah* mujudake tembung katrangan panggonan. *Kendel* mujudake tembung

kahanan. *Ning alon-alon* mujudake tembung katrangan panggonan.

Analisis guna ing dhata yaiku kedhapuk saka papat konstituen kanthi struktur ukara J, K, W. K. *Yen awakmu* kadhapuk dadi jejer ukara, *sekolah* kedhapuk katrangan, *bakal tak jak* kedhapuk wasesane ukara, lan *ning alon-alon* kedhapuk katrangan panggonan.

Kalungguhan :

*Awakmu* minangka panindak utawi pelaku, *sekolah kendel* minangka katrangan saking panindak.

## PANUTUP

### 1. Dudutan

Saka panliten ngenani ukara prajanjni sajrone pasrawungan ing dhusun Sukorejo, desa Srigading, kec. Ngoro, kab. Mojokerto, bisa asil meruhi wujud, guna, lan kalungguhane ukara prajanjni. Asil dudutan panliten iki, yaiku:

1) Wujude ukara prajanjni ana kang tanpa lesan lan ana kang mawa lesan. Wujude ukara prajanjni bisa awujud tembung kriya, aran, lan tembung liyane. Tembung kriya diperang adhedhasar kriya tanduk tanpa lesan lan mawa lesan. Uga ana kang dumadi saka gatra kriya, gatra aran, lan gatra liyane.

2) Guna ukara prajanjni nuduhake wasesa kang mujudake guna inti kang dadi punjere ukara. Wasesa kasebut digunakake bebarengan klawan guna pandhamping liya, kayata jejer, lesan, geganep, utawa katrangan sajrone ukara. Nanging sajrone ukara iki ora kudu nganggo katrangan minangka geganep.

3) Kalungguhan kriya tanduk sajrone ukara prajanjni umume nuduhake anane kalungguhan akif, nanging uga bisa nduweni kalungguhan pasif. Kalungguhan kang diduweni kriya tanduk kasebut ditemtokake dening kalungguhan kang disandhang dening unsur pandhampinge.

### 2. Pramayoga

Panliten iki mung ngrembug ngenani wujud, guna, lan kalungguhan ukara prajanjni mujudake panliten sing kurang sampurna. Saliyane iku, isih akeh kekurangan. Winatese sumber dhata kang digunakake kanggo nglumpukake dhata lan kang kurang liyane nambahi panliten iki isih adoh saka sampurna. Panliti sadhar, panliten iki isih akeh cacad lan kurange, mula panliten iki perlu dibacutke kanthi njlimet.



**KAPUSTAKAN**

- Chaer, Abdul. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta : PT. Rineka Cipta.
- Antun Suhono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawi*. Jogjakarta : Soejadi.
- Harimurti Kridalaksana. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta : PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Padmosoekotjo.S. 1987.*Paramasastra Jawa*.Surabaya : P.T. Citra Jaya Murti.
- Porera, Jos Daniel. 1991. *Morfologi*. Jakarta : PT Gramedia Pustaka.
- Porera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Jakarta : PT Gramedia Pustaka.
- Poerwadarminta.W.J.S.1953. *Sarining Paramasastra Djawa*.Jakarta : vissier- Bandung.
- Purwadi, dkk. 2005. *Tata Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Media Abadi.
- Ramlan, M. 1996. *Sintaksis*.Yogyakarta : C.V Karyono.
- Ramlan, M. 1987. *Sintaksis*. Yogyakarta : CV Karyono
- Robins, W. S. 1992. *Linguistik Umum : Sebuah Pengantar*. Yogyakarta :Kanisius.
- Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa*.Jakarta : Erlangga.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasatra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta : Yayasan paramalingua.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. *Paramasastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Panji Pusaka.
- Subagyo Rahmad. 2011. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya : CV Bintang.
- Sudaryanto. 1991.*Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Jawa Tengah : Duta Wacana University Press.
- Sudaryanto. 1991. *Diatesis Dalam Bahasa Jawa*. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta : Duta Wacana University Press.
- Sumarlam. 2004. *Aspektualitas Bahasa Jawa : Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta : Pustaka Cakra.
- Suwadji, dkk. 1986. *Morfosintaksis Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta : Kanisius.
- Verhaar, J. W. M. 2010. *Asas-asas Linguistik Umum*.Yogyakarta : Gadhah Mada University Press.
- (Online),<http://pusatbahasaalazhar.wordpress.com/hakikat-hakiki-kemerdekaan/konsep-konsep-dasar-sintaksis-klausa/>.
- <http://SINTAKSIS/Seselan - Wikipedia.htm>  
(<http://makalahdanskripsi.blogspot.com/>)  
[id.wikipedia.org/wiki/sintaksis](http://id.wikipedia.org/wiki/sintaksis)